**2-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 1-чу занятин конспект**

**Тема:** Иллюстрацеш йолу книга кхоллар (1-ра сахьт).

**Iалашо:** Берашна киншкаш кечйаран а, иллюстрацин а бух бовзийтар; книгин дIахIоттам бовзийтар, иллюстрацеш таллар, композицица а, басарца а болх бар, шайн иллюстрацеш кхоллар.

**Iалашонаш:**

- **Дешаран:** йешна-ладоьгIначу текстан чулацам барта а, йозанца а харжамца схьабийца хаар; текстехь пейзажан, интерьеран суртхIоттор лаха; жоп текстерчу масалшца тIечIагIдан хаар.
- **Кхиаран:** турпалхочун дешан а, суртгатйаран а портрет цхьаьна цадар гучу даккха хаар.
- **Кхетош-кхиоран:** шен кхетаман синкIам, жигаралла, дIадолор, хIума довза лаар дешарехь ша гIуллакх дар кхиор.

**ГIирс:**тексташ, суьрташ, бес-бесаракъоламаш, кортон, кехаташ, маркер, клей, скрепкаш, тай, линейка.

| Классал арахьара дешаран этапаш | Хан | Хьехархочун болх | Дешархойн гIуллакхаш | Хьехаранкепаш а, приёмаш а | УУД-н кепаш |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур** | 2 мин | Дешархошка маршала хаттар. | Хьехархочуьнга маршала хаттар | Барта аларан метод: маршала хаттар, синхаамца къамел дар, тема йовзийтар. | Коммуникативни: ладогIар, Iаморан тIедилларх кхетар.<br><br>Регулятивни: шайн белхан меттиг вовшахтоха хаар. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Iалашо:** хIораннан а кийча хилар толлуш,дешархой тIебогIучу балхана кечбар | | | | | |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хаарш карладахар.**<br><br>**Iалашо:** дешархой дечу гIуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш хиларх кхетар | 5 мин | Вайн дарсан Iалашо йу йешначу текстех пайда а оьцуш, суьрташ долу книга кхоллар.<br><br>- Тахана вайн классехь, цхьана дарсана, «Суьртийн жайна» цIе йолу книгийн пхьалгIа хир йу. Оцу пхьалгIехь вайнаЛебедева Галинин «**Маша гIайбица муха ийгIира»** бохучу | Хьехархочу ьнга ладугIу | Барта (къамел). | Регулятивни: хьехархочун тIедилларша-шех мах хадо а, кхочушдаран болх дIанисбан а хуур ду.<br><br>Личностни: кхоллало дешарна мотиваци.<br><br>Познавательни: шен хаарийн системехь лелар, дIабеллачу хаамашца догIуш долу шен гIуллакхийн план хIоттор.<br><br>Коммуникативни: лергаца хаам тIеэца, хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала хаар. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | туьйранан 1-ра дакъа девзар ду, иштта, иллюстрацийн книга кхолла а хьовсур ду вай.<br><br>**(Йуххедиллар 1** | | | |
| **Коьрта дакъа**<br><br>**Iалашо:** берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 30 мин | - Книга кхолларехь муьлхачу корматаллин наха дакъалоцу?<br><br>* авторш – текст кхолла;<br><br>* корректорш – текст нисйан<br><br>* наборщикаш дIахIиттийна, нисйина текст<br><br>* суртдиллархой – суьрташ, | Хьехархочу ьнга ладугIу, тIедахкарш кхочушдо, хаттаршна жоьпаш ло.<br><br>Хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (кхетор, тIедиллар, маслаIат).<br><br>Практически (суьрташдаххкар, йоза, проектировани).<br><br>Гуш долу (иллюстрацин масалш, текстан масалш). | Коммуникативни: диалогехь дакъалацар, кхечаьрга ладогIар а, кхетар а, шен ойла йовзийтар.<br><br>Познавательни: таллам бан, дуста, коьртаниг билгалдаккха, шайн белхан план хIотто.<br><br>Регулятивни: ша-шена болх дIанисбан хаар, шайн белхан жамIийн маххадор.<br><br>Личностни: кхолларалин хьуьнарш, фантазии кхиор, йешаре шовкъ кхиор. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | иллюстрацеш йан<br><br>* редакторш – нисйина текст толлуш, зорбатоха кечам бар<br><br>* коьрта редактор – дерриге а йуха а толлу, книга арахеца бакъо ло<br><br>- ХIун болх бо аш? Тобанашка бераш декъадолуьйту, шайна хазахетта цIераш а тохкуьйту тобанна.<br><br>- Шу хIинцале а кхоллараллин тобанашна декъаделла. Ткъа вай 2 (3-4) книга кхоллалур йу. | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Муьлхачу дакъойх льаьтта книга?<br><br>* хьалхара агIо (автор, сурт, арахоьцург)<br><br>* книжни блок (шаьш агIонаш)<br><br>- Книгаш йиний аш цкъа а? Вай вешан куьйгашца книга кхуллур йу. ХIун цIе туьллур йу вай вешан книгашна? (Берашка олуьйту цIераш).<br><br>1-ра агIо – вайн текстехь Машех а,Тявкех а льаьцна хир йу. Тахана хьалхара агIо йан хьовсур ду вай, ткъа тIейогIучу занятехь | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | йиссинарш а. (Хьехархочо йоьшу текст).<br><br>ТIедиллар: дIайеша текст. Текстехь Машин гIайбаца довдалар а, Тявкица хилла диалог а схьалаха, уьш книгин хьалхарчу агIонехь сурт а дуьллуш билгалбаха. | | | |
| **ЖамIаш дар, хаарш системе дерзор а.**<br><br>**Iалашо:** нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамIаш дан а хаарш карадерзор | 2 мин | Бераш. Вай тахана вайн иллюстрацийн книгин цхьа агIо вовшахтуьйхи. ТIейогIучу занятехь шолгIа агIо йан хьовсур ду вай. Диц ма де, текстаца болх барехь, уггар коьртаниг – тидамехилар ду. | Хьехархочу ьнга ладугIу. | Барта (къамелан). | Регулятивни: хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шайна хетарг алар а, и бакъдар а, хьехархочун тIедиллар кхочушдар вовшахтохар а.<br><br>Коммуникативни: хаам нийса тIеэца хаар. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Рефлекси**<br><br>**Iалашо:** шен белхан мах хадо хаар карадерзор<br>. | 1 мин | - Бераш, кхочущдиний вай дагалаьцнарг?<br><br>- ХIун дара кхочущдан атта?<br><br>- Мичахь нисйелира шуна халонаш? | Хаттаршна жоьпашло. | Барта (рефлексин гIоьнца жамI дар). | Регулятивни: шен гIуллакхан маххадор.<br><br>Познавательни: Iамийнарг къепе далор, йукъарадаккхар, жамIаш дар.<br><br>Коммуникативни: хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар. |

**2-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 2-чу занятин конспект**

**Тема:** Суьрташ долу книга кхоллар (2-гIа сахьт).

**Iалашо:** Берашна киншкаш кечйаран а, иллюстрацин а бух бовзийтар; книгин дIахIоттам бовзийтар, иллюстрацеш таллар, композицица а, басарца а болх бар, шайн иллюстрацеш кхоллар.

**Iалашонаш:**

- **Дешаран:** йешна-ладоьгIначу текстан чулацам барта а, йозанца а харжамца схьабийца хаар; текстехь пейзажан, интерьеран суртхIоттор лаха; жоп текстерчу масалшца тIечIагIдан хаар.
- **Кхиаран:** турпалхочун дешан а, суртгатйаран а портрет цхьаьна цадар гучу даккха хаар.
- **Кхетош-кхиоран:** шен кхетаман синкIам, жигаралла, дIадолор, хIума довза лаар дешарехь ша гIуллакх дар кхиор.

**ГIирс:** тексташ, суьрташ, бес-бесаракъоламаш, кортон, кехаташ, маркер, клей, скрепкаш, тай, линейка.

| Классал арахьара дешаран этапаш | Хан | Хьехархочун болх | Дешархойн гӀуллакхаш | Хьехаранкепаш а, приёмаш а | УУД-н кепаш |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур**<br><br>**Iалашо:** хIораннан а кийча хилар толлуш,дешархой тIебогIучу балхана кечбар | 2 мин | Дешархошка маршала хаттар. | Хьехархочуьнга маршала хаттар | Барта аларан метод: маршала хаттар, синхаамца къамел дар, тема йовзийтар. | Коммуникативни: ладогIар, Iаморан тIедилларх кхетар.<br><br>Регулятивни: шайн белхан меттиг вовшахтоха хаар. |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хааарш карладахар.**<br><br>**Iалашо:** дешархой дечу гIуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш | 5 мин | Вайн дарсан Iалашо йу йешначу текстех пайда а оьцуш, суьрташ долу книга кхоллар.<br><br>- Тахана вайн классехь, цхьана дарсана, «Суьртийн | Хьехархочуьнга ладугIу | Барта (къамел). | Регулятивни: хьехархочун тIедилларша-шех мах хадо а, кхочушдаран болх дIанисбан а хуур ду.<br><br>Личностни: кхоллало дешарна мотиваци.<br><br>Познавательни: шен хаарийн системехь лелар, дIабеллачу хаамашца догIуш долу шен |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| хиларх кхетар | | жайна» цIе йолу книгийн пхьалгIа хир йу. Оцу пхьалгIехь вайна Лебедева Галинин «**Маша гIайбица муха ийгIира»** бохучу туьйранан 2-гIа дакъа девзар ду, иштта, иллюстрацийн книгин 2 дакъа кхолла а хьовсур ду вай.<br><br>**(Йуххедиллар 2)** | | | гIуллакхийн план хIоттор.<br><br>Коммуникативни: лергаца хаам тIеэца, хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала хаар. |
| **Коьрта дакъа**<br><br>**Iалашо:** берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 30 мин | - Книга кхолларехь муьлхачу корматаллин наха дакъалоцу?<br><br>* авторш – текст | Хьехархочуьнга ладугIу, тIедахкарш кхочушдо, хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (кхетор, тIедиллар, маслаIат).<br><br>Практически (суьрташдаккхар, йоза, проектировани).<br><br>Гуш долу | Коммуникативни: диалогехь дакъалацар, кхечаьрга ладогIар а, кхетар а, шен ойла йовзийтар.<br><br>Познавательни: таллам бан, дуста, коьртаниг билгалдаккхха, шайн белхан план хIотто. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | кхолла;<br><br>* корректорш – текст нисйан<br><br>* наборщикаш дIахIиттийна, нисйина текст<br><br>* суртдилллархой – суьрташ, иллюстрацеш йан<br><br>* редакторш – нисйина текст толлуш, зорбатоха кечам бар<br><br>* коьрта редактор – дерриге а йуха а толлу, книга арахеца бакъо ло<br><br>- Шу хIинцале а кхолларааллин тобанашна | Хаттаршна жоьпаш ло. | (иллюстрацин масалш, текстан масалш). | Регулятивни: ша-шена болх дIанисбан хаар, шайн белхан жамIийн маххадор.<br><br>Личностни: кхолларааллин хьуьнарш, фантазии кхиор, йешаре шовкъ кхиор. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | декъаделла. Ткъа вай книгин 2 аг1о кхуллур йу.<br><br>Муьлхачу дакъойх лаьтта книга?<br><br>* хьалхара агIо (автор, сурт, арахоьцург)<br><br>* книжни блок (шаьш агIонаш)<br><br>2-гIа агIо – вайн текстехь Машех а, Петькех а лаьцна хир йу. Тахана шолгIа агIо йан хьовсур ду вай, ткъа тIейогIучу занятехь йисинарш а. (Хьехархочо йоьшу текст).<br><br>ТIедиллар: | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | дӀайеша текст. Текстехь Машин Петькица хилла диалог схьалаха, уьш книгин шолгӀачу агӀонехь сурт а дуьллуш билгалбаха. | | | |
| **ЖамӀаш дар, хаарш системе дерзор а.**<br><br>**Ӏалашо:** нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамӀаш дан а хаарш карадерзор | 2 мин | Бераш. Вай тахана вайн иллюстрацийн книгин шолгӀа агӀо вовшахтуьйхи. ТӀейогӀучу занятехь болх чекхбаккха хьовсур ду вай. Диц ма де, текстаца болх барехь, уггар коьртаниг – тидаме хилар ду. | Хьехархочу ьнга ладугӀу. | Барта (къамелан). | Регулятивни: хиллачу хааршна тӀе а тевжаш, шайна хетарг алар а, и бакъдар а, хьехархочун тӀедиллар кхочушдар вовшахтохар а.<br><br>Коммуникативни: хаам нийса тӀеэца хаар. |
| **Рефлекси**<br><br>**Ӏалашо:** шен белхан мах хадо хаар карадерзор | 1 мин | - Бераш, кхочушдиний вай дагалаьцнарг?<br><br>- ХӀун дара | Хаттаршна жоьпашло. | Барта (рефлексин гӀоьнца жамӀ дар). | Регулятивни: шен гӀуллакхан маххадор.<br><br>Познавательни: Ӏамийнарг къепе далор, йукъарадаккхар, жамӀаш дар. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| . | | кхочушдан атта?<br><br>- Мичахь нисйелира шуна халонаш? | | | Коммуникативни: хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар. |

**2-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 3-чу занятин конспект**

**Тема:** Суьрташ долу книга кхоллар (3-гIа сахьт)..

**Iалашо:** Берашна киншкаш кечйаран а, иллюстрацин а бух бовзийтар; книгин дIахIоттам бовзийтар, иллюстрацеш таллар, композицица а, басарца а болх бар, шайн иллюстрацеш кхоллар.

**Iалашонаш:**

- **Дешаран:** йешна-ладоьгIначу текстан чулацам барта а, йозанца а харжамца схьабийца хаар; текстехь пейзажан, интерьеран суртхIоттор лаха; жоп текстерчу масалшца тIечIагIдан хаар.
- **Кхиаран:** турпалхочун дешан а, суртгатйаран а портрет цхьаьна цадар гучу даккха хаар.
- **Кхетош-кхиоран:** шен кхетаман синкIам, жигаралла, дIадолор, хIума довза лаар дешарехь ша гIуллакх дар кхиор.

**ГIирс:** текстaш, суьрташ, бес-бесаракъоламаш, кортон, кехаташ, маркер, клей, скрепкаш, тай, линейка.

| Классал арахьара дешаран | Хан | Хьехархочун болх | Дешархойн гIуллакхаш | Хьехаранкепаш а, приёмаш а | УУД-н кепаш |
|---|---|---|---|---|---|

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **этапаш** | | | | | |
| **Вовшахтохаран мур**<br><br><br>**Іалашо:** хІораннан а кийча хилар толлуш,дешархой тІебогІучу балхана кечбар | 2 мин | Дешархошка маршала хаттар. | Хьехархочуьнга маршала хаттар | Барта аларан метод: маршала хаттар, синхаамца къамел дар, тема йовзийтар. | Коммуникативни: ладогІар, Іаморан тІедилларх кхетар.<br><br>Регулятивни: шайн белхан меттиг вовшахтоха хаар. |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хаарш карладахар .**<br><br>**Іалашо:** дешархой дечу гІуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш хиларх кхетар | 5 мин | Вайн дарсан Іалашо йу йешначу текстех пайда а оьцуш, суьрташ долу книга кхоллар.<br><br>- Тахана вайн классехь Лебедева Галинин «**Маша гІайбица муха ийгІира»** бохучу туьйранан 3-гІа | Хьехархочуьнга ладугІу | Барта (къамел). | Регулятивни: хьехархочун тІедилларша-шех мах хадо а, кхочушдаран болх дІанисбан а хуур ду.<br><br>Личностни: кхоллало дешарна мотиваци.<br><br>Познавательни: шен хаарийн системехь лелар, дІабеллачу хаамашца догІуш долу шен гІуллакхийн план хІоттор.<br><br>Коммуникативни: лергаца хаам тІеэца, хьехархочун хаттаршна |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | дакъа девзар ду, иштта, иллюстрацийн книга чекхйаккхза хьовсур ду вай.<br><br>**(Йуххедиллар 3)** | | | жоьпаш дала хаар. |
| **Коьрта дакъа**<br><br>**Іалашо:** берашна керла коьчал карайерзор вовшахтохар | 30 мин | - Книга кхолларехь муьлхачу корматаллин наха дакъалоцу?<br><br>* авторш – текст кхолла;<br><br>* корректорш – текст нисйан<br><br>* наборщикаш дІахІиттийна, нисйина текст<br><br>* суртдиллархой – суьрташ, | Хьехархочуьнга ладугІу, тІедахкарш кхочушдо, хаттаршна жоьпаш ло.<br><br>Хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (кхетор, тІедиллар, маслаІат).<br><br>Практически (суьрташдаххкар, йоза, проектировани).<br><br>Гуш долу (иллюстрацин масалш, текстан масалш). | Коммуникативни: диалогехь дакъалацар, кхечаьрга ладогІар а, кхетар а, шен ойла йовзийтар.<br><br>Познавательни: таллам бан, дуста, коьртаниг билгалдаккха, шайн белхан план хІотто.<br><br>Регулятивни: ша-шена болх дІанисбан хаар, шайн белхан жамІийн маххадор.<br><br>Личностни: кхоллараллин хьуьнарш, фантазии кхиор, йешаре шовкъ кхиор. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | иллюстрацеш йан<br><br>* редакторш – нисйина текст толлуш, зорбатоха кечам бар<br><br>* коьрта редактор – дерриге а йуха а толлу, книга арахеца бакъо ло<br><br>- Шу кхолларaллин тобанашна декъаделла.<br><br>Муьлхачу дакъойх лаьтта книга?<br><br>* хьалхара агIо (автор, сурт, арахоьцург)<br><br>* книжни блок (шаьш агIонаш) | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 3-гIа агIо – вайн текстехь Машех а, бирдолгах а, чIерийлоьцургах а лаьцна хир йу. Тахана вайн болх дIаберзор бу вай. (Хьехархочо йоьшу текст).<br><br>ТIедиллар: дIайеша текст. Текстехь Машин бирдолаг довзар а, чIерийлоьцургаца хилла диалог а схьалаха, уьш книгин тIаьххьарчу агIонехь сурт а дуьллуш билгалбаха. | | | |
| **ЖамIаш дар, хаарш системе дерзор а.**<br><br>**Iалашо:** нийса | 2 мин | Береш. Вай тахана вайн иллюстрацийн книга | Хьехархочуьнга ладугIу. | Барта (къамелан). | Регулятивни: хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шайна хетарг алар а, и бакъдар а, хьехархочун тIедиллар кхочушдар вовшахтохар а. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамІаш дан а хааршкарадерзор | | чекхйаьккхи.<br><br>Диц ма де, текстаца болх барехь, уггар коьртаниг – тидаме хилар ду. | | | Коммуникативни: хаам нийса тІеэца хаар. |
| **Рефлекси**<br><br>**Іалашо:** шен белхан мах хадо хаар карадерзор . | 1 мин | - Бераш, кхочушдиний вай дагалаьцнарг?<br><br>- ХІун дара кхочушдан атта?<br><br>- Мичахь нисйелира шуна халонаш? | Хаттаршна жоьпашло. | Барта (рефлексин гІоьнца жамІ дар). | Регулятивни: шен гІуллакхан маххадор.<br><br>Познавательни: Іамийнарг къепе далор, йукъарадаккхар, жамІаш дар.<br><br>Коммуникативни: хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар. |

**Лебедева Галина**

**Маша гІайбица муха ийгІира**

**1-ра дакъа**

**Маша гІайбица муха ийгІира**

Маша дІайижа метта хьала а йаьккхина, стогар дІа а байъина арайелира нана. Амма Машина наб ца кхетара. Ца кхета-кх цунна наб,хІун дийр ду?!

ОьгІаз а йахана, гІайбех лета йолайелира иза:

– Дага а хьанна деана хІара маьнганаш, йургІанаш, гІайбанаш дан?!

Машина йолайала беша йала дагадеара.

ДІахьаьжча, неІ а къевлина йац– готтачу херонах чукъерза беттан серло йу цІенкъа Іенаш. Жимма сецира Маша, ладуьйгІира… Тийна дара.

Бешахь йиш лоькху зарзар а, цунна дуьхьал гІовгІа йен Іам чуьра пхьид

бен хІума ца хеза. Хебира Маша, тІаккха меллаша лами тІехула беша

йоьссира.

– Ма хаза а ду дІа ца йуьжуш,лела! Ма хаза а ду дІа ца йуьжуш,лела! – цхьана кога тІехь кхийсалора йоІ.

Бешахула дІайедира Маша, буьн чуьра схьаТявка хезира:

– I-I-Iов! Мила ву вогIург?

– Со йу, Маша.

– ДIа хIунда ца йуьжу хьо? Хан ма йаьлла?

Машас арз дира шен жIаьлига:

– Маьнга бу сан вон, гIайба а бу садукъош, йургIано къийзайо. ХIуъу дича а наб ца кхета! ДIайуьжур а йац со!

– Нийса дера лоь, – элираТявкас.– Цул а буьн чохь йижар гIоли ду.

КIел теснačу хIуманна тIехь хьарча а хьаьрчина, батт дIа а лачкъийна, дIайижча санна, хаза гIенаш цкъа а гур дац хьуна! Схьайола! Ас цIа лардешшехь, ахь жима наб йе.

– Вай, ма хаза а хир ду! – гIадйахара Маша.

Голаш тIехIоьттина, буьн чу текхира и. Тявка санна, хьарча а хьаьрчина, йижа а гIоьртира, – гIуллакх ца хилира. Йекъа йу. Готта йу. ДIахьаьвзира Маша, схьахьаьвзира – вон дара Iойла.

Тявкас муцIар хьажийра чу, багахь ширйелла даьIахк йара гуш.

– ХIан, даьIахк йу хьуна, – элира, –наб мерза кхета цуьнца.

– Баркалла хьуна, Тявка, – элираМашас, буьнара ара а текхаш, – дика ду хьан цIа, амма хьан мета йижа суна ца лаьа.

– Мел сийдоцуш а йу! – дегабаам бираТявкас. – Цхьана а хIуманна реза ца хуьлу!

Шен буьнахь дIатарделира и.





**ЙУХХЕДИЛЛАР 2**

**2-гӀа дакъа**

Ткъа Маша бун йолчу кхечира.Котамо хIоа диний хьажа дагадеара цунна. ГIуй дIа а теттина, неI схьайиллира. Хьаьжча, котамаш йу гIожмаш тIехь, йуса а йелла, наб йеш. Цхьа боргIал йу йижаза. Машас корта неIарх чукъадошшехь, тохайелира и,корта дIасахьовзийра.

– Къо, къакъ хIара хIун ду-кх?!

– Меллаша, меллаша, Петька, со йу, Маша йу.

– Хьуна хIун оьшу? – луьра хаьттира Петькас.

– Со-м, Петь, котамо Рябас сайна къорза хIоа диний хьажа йеанера.

– Эш-ш, мел сиха а йу! – оьгIазйахара боргIал. – ХIора дийнахь кIайн хIоаш

бен ца до, къорзанаш наггахь бен ца нисло. Цул а йало, дIайижа.

– Ца йижало.

– ХIунда?

Цуьнга а арз дираМашас:

– Маьнга бу сан вон, гIайба а бу садукъош, йургIано къийзайо. ХIуъу

дича а наб ца кхета! ДIайуьжур а йац со!

– ГIожа тIехь наб йар санна дац! – тIетайра боргIал. – Вовшийн тIе

а теIаш, месаш а совсийна, бIаьргаш дIакъовлу – сахиллалц наб йо-кхахь!Дика ду! Схьайола тхо долчу!

Хала а, атта а хьалайелира Маша котамашна улле, бIаьргаш тIекъевлира.

Цхьана агIор береза котамо йохйора и, вукху агIор боргIало а. Наб озийра Машина, гIожа тIера чуйуьйжира тIаккха.

Дика хьаха ду, цIенкъа даржийна ча хилла, дукха ца лазош йисира Маша.

– Ма йан а йу! – йоьлура котамаш.

Котамийн буьна чуьра аратасайелла Маша дIайедира.



**ЙУХХЕДИЛЛАР 3**

## 3-гIа дакъа

Лами тIе охьа а хиъна, батте а хьоьжуш, дIайижа ца йоьдуш Iара и.

ЦIеххьана цхьа олхазар дели кхунна тIех, тIаккха дапъаьлла кхуьнан кара дуьйжи. Хьоьжу Маша кху тамашийначу олхазаре: дехках тера ду хIара, амма цIога дац…кIеда Iаьржа тIемаш-м ду!

– Маршалла, – боху Машас. – Хьо хIун йу?

– Со дахка бу хьуна…тIемаболу дахка…Бирдолаг а олу сох! Ас буса наб мА ца йо! Со буса тIемабаьлла лела! Хьо хIунда ца йуьжу дIа?

Цуьнга а арз дира Машас:

– Буса а наб ца кхета, дийнахь а наб ца кхета. Маьнгабу сан вон, гIайба а бу садукъдеш, йургIано къийзайо. ХIуъу дича а наб ца кхета! Йуьжур а йац со дIа!

– ХIаъ. Ма къахета сунна хьох, –доккха са даьккхира бирдолаго. – ДIа а вижина наб йан хала ду, маьнги тIехь хIета а. Ас гIо дай хьуна?

– Де дера! – хазахийтира Машина.

– ТIаккха сунна тIаьххье схьайола бедана.

Меллаша тIемаш а тоьхна, беданан корехь къайладелира бирдолаг. Дечиган шогачу лами тIехула хьалайелира Маша а. Беданан Iаьржачу сонехь гезгамаш а лестара. Корера схьа шело йогIура.

– ХIара йу сан чоь, – аьлла, муцIар ирхйиерзийра бирдолаго. – Ас дIабоху

хьоьга, наб чIогIа йеза суна.

– Маьнга стенгахь бу хьан? – хаьттираМашас.– Маьнга цахилар дай и-м дерриге а, – деладелира бирдолаг, – и боцуш ма мега со. Мел хаза гIенаш го суна!

Тхов улле хьала а кхаьчна, оцу хьостамах а тасаделла, корта чуоллабо.

ТIаккха массо а гIенаш Iункар го.

ХIун деш лаьтта хьо? Хьалайала, ас сайна дукхабеза хьостам а буьту хьуна!

Машина дагадеара ша буьна чохь гIожа тIера чуйожар, шен лазийна гола хьакхийра цо.

«Со муха йуьжур йу цигахь? – ойла йора цо. – Корта а Iункар? Охьайуужур мА йу со! Цхьа аьхна а дац кхузахь…»

Корах тIаьххьара чу а хьаьжна, мархашлахь къайлабелира бутт.Iаржйелира.

Маша хебира.

– Йан стенгахь йу хьо? – ах наб кхеттачу озаца кхайкхира бирдолаг. – Суна

наб кхеташ йу! Маша йист а ца хуьлуш, меллаша охьайоьссира.



Кертах йолчу херонах бешал ара а йаьлла,

Iам болчу йахара и. Кхерайелла пхьидаш, хи чу лелха йуьйлира. Къеначу

чIерийдохурга тIемаш туьйхира.

– ХIун до ахь, сан пхьидаш а къехкош, хьан дIайуьжу хан тохара тIех ма йаьлла?!

Ткъа Маша арз дан йуьйлира:

– Маьнга бу сан вон, гIайба а бу садукъош, йургIано къийзайо. ХIуъу

дича а наб ца кхета! Йуьжур а йац со дIа!

– Сан йайна наб, схьайола сунна улле, цхьана кога тIехIотта, наб кхета а

там бай вайшинна…Хьан наб йаран бахьана хIун ду?

– Дан а дац, – йуьйхира Маша, –кIордийна-кх хIора сарахь дIайижа.

– Бакъ ду иза а, сайх дуьстича хаьа суна… Схьайола хIоккха, доттагIалла

тосур ду вайшимма. Ас гIеххьа дурйина пхьид а лур йу хьуна, тIаккха уьшалан баца йукъахь цхьана кога тIехь а лаьттар йу вайшиъ. Ас тIам а лоцур бу хьуна тIехула.

Машин кучан йух тIадийнера бецан тхино, когаш а гIорийнера.

– Со пхьидех кхоьру, – йелха озийра иза, – хи а тIеда ду! Ца йуьжу со хьан

уьшалахь!

– Й о ь л ху  х ь о  м а - йа р ра ! –оьгIазйахара чIерийдохург. – ДIайало сихха! Хьо ца йилхича а, тоьаш йу кхузахь тIуналла.

ДIайирзира Маша.

«Ма тIеда а, шийла а ду пхьидийн Iомахь, – ойла йора цо. ХIинца сайн меттахь, довхачу йургIи кIел йелара со…Иза-м дац къийзош, дукха дика

ду-кх!  ГIайба а бу кIеда».

ЦIайоьдура Маша. Кога буьхьар а хIоьттина, шен чу йахара и. Лаьттара йургIа а, шаршу а хьалаиийцира, гIайба а дIанисбира. Метта а йаьлла, ах наб

кхетта а йолуш, элира:

– Хьанна дагадеана те хIара йургIа а, маьнга а, гIайба а дан?  Ма дика а

деана…





**Гочдинарг – Петирова ПетIамат**

**2-чу классан дешархошна лерина "Текстан исбаьхьалла" цIе йолчу урокел арахьарчу гIуллакхан 4-чу занятин конспект**

**Тема:** Вай – архитекторш ду «ХIун йу? Мила ву?» энциклопедин» (I-ра сахьт).

**Iалашо:** Берашна хаамца болх бан Iамор, шаьш энциклопедически статья хIотто Iамор; шайн иллюстрацеш кхоллар.

**Iалашонаш:**

- **Дешаран:** «энциклопнди» хIун йу а, цуьнан дIахIоттам муха бу а довзийтар.
- **Кхиаран:** энциклопедии кечйаран корматалла кхиор а, иллюстрацийн бух бовзийтар а;
  ойла йан а, къамел дан а Iамор.
- **Кхетош-кхиоран:**
  дуьне довза лаам кхоллар;
  тобанашкахь болх бан Iамор;
  къинхьегамна марзбар, кхечеран къинхьегам лара Iамор.

**ГIирс:** тексташ, суьрташ, бес-бесара къоламаш, кортон, кехаташ, маркер, клей, скрепкаш, тай, линейка.

| Классал арахьара дешаранэтапаш | Хан | Хьехархочун болх | Дешархойн гIуллакхаш | Хьехаран кепаш а, приёмаш а | УУД-н кепаш |
|---|---|---|---|---|---|
| **Вовшахтохаран мур** | 2 мин | Дешархошка маршала хаттар. | Хьехархочуьнга маршалла | Барта аларан метод: маршалла хаттар, синхаамца | Коммуникативни: ладогIар, Iаморан тIедилларх кхетар. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Іалашо:** хІораннан а кийча хилар толлуш, дешархой тІебогІучу балхана кечбар | | | хаттар | къамел дар, тема йовзийтар. | Регулятивни: шайн белхан меттиг вовшахтоха хаар. |
| **Коьртачу этапана кечам бар. Йуьхьанцара хаарш карладахар .**<br><br>**Іалашо:** дешархой дечу гІуллакхашна кечбар, керла хаарш оьшуш хиларх кхетар | 3 мин | – Вайн дарсан Іалашо йу «энциклопеди» хІун йу а, цуьнан дІахІоттам муха бу а довзийтар,энциклопедически статья хІотто Іамор.<br><br>Къамел: "Бераш, хьанна хаьа энциклопеди хІун йу? Стенна лерина йу иза? Муьлха энциклопедиш йевза шуна?" Берийн энциклопедих масалш гайтар. "Тидам бе, | Хьехархочу ьнгаладугІу | Барта (къамел). | Регулятивни: хьехархочунтІедилларша-шех мах хадо а, кхочушдаранболхдІанисбан а хуур ду.<br><br>Личностни: кхоллало дешарна мотиваци.<br><br>Познавательни: шен хаарийн системехь лелар, дІабеллачу хаамашца догІуш долу шен гІуллакхийн план хІоттор.<br><br>Коммуникативни: лергаца хаам тІеэца, хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала хаар. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | энциклопеди тIера хаамаш муха дIахIиттийна бу. Статьяш муха дIанисйина йу? Суьрташ дуй цигахь?" | | | |
| **Коьртадакъа**<br><br>**Iалашо:** энциклопедин цIе харжар, урокехь дан дезарг билгалдаккхар. | 2 мин. | – Тахана вай вешан энциклопеди кхуллур йу. – Стенах лаьцна хир йу аьлла хета шуна иза? – ХIун теманаш йало мегар ду вай цу йукъа?" (Масалаш: «Нохчийчохь дехаш долу акхарой», «Нохчийчохь дехаш долу олхазарш», «Ораматаш», «Космос», «Говзаллаш», «Туьйранаш»). Класс тобанашна йекъало (3-4 стаг). ХIора тобанна тIедиллар ду хаьржинчу темина | Хьехархочуьнга ладугIу, тIедахкарш кхочушдо, хаттаршна жоьпаш ло.<br><br>Хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (кхетор, тIедиллар, маслаIат).<br><br>Практически (суьрташ дахкар, йоза, проектировани).<br><br>Гуш долу (иллюстрацинмасалш, текстанмасалш). | Коммуникативни: диалогехь дакъа лацар, кхечаьрга ладогIар а, кхетар а, шен ойла йовзийтар.<br><br>Познавательни: таллам бан, дуста, коьртаниг билгалдаккха, шайн белхан план хIотто.<br><br>Регулятивни: ша-шена болх дIанисбан хаар, шайн белхан жамIийн маххадор.<br><br>Личностни: кхолларалллин хьуьнарш, фантазии кхиор, йешаре шовкъ кхиор. |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | энциклопедин агIо хIотто. "ХIора тобано жоп лур ду вайн энциклопедин цхьа агIо кхолларна. Шайн теманах лаьцна самукъане хаамаш лаха беза, йоца статья йазйан йеза, иллюстрацеш къасто йеза". | | | |
| **Практически дакъа** | 25 мин. | Тобанащца болх бар: Хьехархочо гIо до тобанашна хаамаш лаха (хьастанаш, хьехамчаш дуьйцу). ТIедиллар: "ДIадоло энциклопедишкахь, киншкашкахь  йа интернетехь хаамаш лаха. Уггаре а самукъане факташ схьахаржа. Йоца статья йазйе. Иллюстрацеш схьахаржа йа йахкка. Хьайн агIо хаза а, маьIне а кечйе." | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| **Энциклопедин презентаци** | 5 мин | ХIора тобано йовзуьйту шайн энциклопедин агIо. Хаттарш: "Стенах лаьцна йу хьан статья? ХIун самукъане бакъдерш хиира хьуна? ХIунда хаьржина ахь и иллюстрацеш?" (Йуххедиллар) | | | |
| **ЖамIаш дар, хаарш системе дерзор а.**<br><br>**Iалашо:** нийса жоьпаш дала а, уьш системе дерзо а, жамIаш дан а хаарш карадерзор | 2 мин | Йукъара энциклопеди кхоллар (агIонаш вовшашца клейца цхьана а тухуш).<br><br>Бакъйолу энциклопеди кхоьллина вай! ХIинца шух хIораннан а аьтто бу цунах пайда а оьцуш, керла хIума Iамо". | Хьехархочу ьнга ладугIу. | Барта (къамелан). | Регулятивни: хиллачу хааршна тIе а тевжаш, шайна хетарг алар а, и бакъдар а, хьехархочун тIедиллар кхочушдар вовшахтохар а.<br><br>Коммуникативни: хаам нийса тIеэца хаар. |
| **Рефлекси**<br><br>**Iалашо:** шен белхан мах хадо хаар карадерзор | 1 мин | ХIун керланиг хиира шуна урокехь?<br><br>–ХIун дара шуна уггар хазахеттарг? | Хаттаршна жоьпаш ло. | Барта (рефлексин гIоьнца жамI дар). | Регулятивни: шен гIуллакхан маххадор.<br><br>Познавательни: Iамийнарг къепе |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| . | | Тобанехь болх бар самукъане хийтира шуна? Кхин а энциклопедиш кхолла лаьий шуна?" | | | далор, йукъарадаккхар, жамӀаш дар.<br><br>Коммуникативни: хьехархочун хаттаршна жоьпаш далар. |

**Йуххедиллар**

**«Нохчийчуьра акхарой»**



Борз – иза доккха экха ду.

Церан ира бӀаьрса а, лерса а ду.

Берзалой ардангашца лела.



Ча – иза доккха экха ду.

Иза чехка йоду, миччахула хьала а йолу.

Мерса чӀогӀа долуш йу ча.